

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat komunikasi anu biasa digunakeun ku papada manusa. Basa miboga aspék penting pikeun kabutuhan manusa salaku mahluk individu jeung sosial. Basa mangrupa sistem lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistimatis) tur ragem (konvénsional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 2013, kc. 14).

Basa nu bener nyaéta basa anu dipakéna saluyu kana aturan atawa kaédah basa, sedengkeun basa nu merenah nyaéta basa anu larapna atawa kukuh kana kontéks situasi makéna dina kamékaran jeung kamajuan jaman pikeun komunikasi (Rahmalia, 2015). Wujud komunikasi basa nu pangnyatana nyaéta kalimah.

Hasil survey awal karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII, kapanggih aya sawatara kalimah anu teu saluyu jeung adegan kalimah basa Sunda. Salah sahiji contona aya kalimah “Pas dinten baheula abi téh asup sakola SMP”. Sok sanajan éta kalimah teu saluyu jeung adegan basa Sunda tapi éta kalimah téh bisa kénéh dipikaharti. Dina éta kalimah katingali kamampuh siswa dina nyieun kalimah basa Sunda masih kurang, utamana dina nyieun kalimah salancar jembar.

Kalimah mangrupa unsur gramatik, nyaéta wangun basa anu ngandung harti atawa maksud. Nurutkeun Sudaryat (2013, kc. 183), kalimah nyaéta konstruksi gramatik maksimal, anu mangrupa bagian pangleutikna anu ngandung pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu rélatif bisa madeg mandiri. Éta hal luyu jeung pamadegan Kuswari jeung Hernawan (2010, kc. 62), anu nétélakeun yén kalimah mangrupa kecap atawa runtuyan kecap anu dumuk adeganana; hartina, pangdeudeul kalimah téh bisa mangrupa kecap, frasa, atawa klausa. Kalimah digunakeun ku panyatur pikeun ngébréhkeun émosi, gagasan, eusi pikiran, kahayang rasa, ogé salaku alat intéraksi jeung adaptasi sosial antar manusa, boh ku

cara lisan boh ku cara tulisan. Salah sahiji cara pikeun ngagunakeun basa nyaéta ku cara nulis.

Nulis mangrupa salasahiji kaparigelan anu sipatna produktif. Nulis kaasup kana kaparigelan basa anu opat nya éta ngaregepkeun, maca, jeung nyarita. Di sakola aya pangajaran dina wangun tinulis. Salah sahijina nulis karangan pangalaman pribadi. Karangan pangalaman pribadi dijadikeun objék dina ieu panalungtikan lantaran dina nulis pangalaman pribadi, siswa bisa ngébréhkeun pamikiranana dumasar naon-naon nu geus kaalaman ku sorangan, biasana ari ngeunaan pangalaman pribadi mah siswa bisa leuwih bébas dina nepikeun pamikiranana nepi ka bisa katitén kaparigelanana dina ngagunakeun basa Sunda sarta bisa katitén kumaha pola kalimah anu dipaké siswa. Luyu jeung pamadegan Pancarrani (2017, kc. 163), kalimah mangrupa dasar diwangunna hiji karangan.

Dina karangan pangalaman pribadi siswa diwangun ku kalimah-kalimah, salah sahijina nya éta kalimah salancar. Kalimah salancar mangrupa kalimah anu diwangun ku hiji klausa. Nurutkeun kalengkepan unsur klausana, kalimah salancar téh bisa dibédakeun jadi kalimah basajan jeung kalimah jembar. Dina panalungtikan ieu dihususkeun medar kalimah salancar jembar. Kalimah salancar jembar nyaéta kalimah salancar anu diwangun ku hiji bagian galeuh ditambah bagian panambah (Kuswari jeung Hernawan, 2010, kc. 65). Ku lantaran kitu, adeganana bisa mangrupa pola salah sahiji kalimah basajan anu dilegaan maké advérbia (katerangan) jeung atawa tanpa modalitas

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Nurwansah (2017) nu medar kalimah basa Sunda dina téks prosa Sunda Kuno abad ka-16. Ieu panalungtikan nétélakeun wangun kalimah nu aya dina basa Sunda Kuno nu mangrupa kalimah lengkep jeung kalimah ringkesan. Lian ti éta, aya panalungtikan anu dilakukeun ku Juwita (2014) nu medar adegan kalimah basa Sunda dina *twitter*. Ieu panalungtikan medar adegan kalimah basa Sunda anu dikirimkeun ku nu pamaké média patali marga twitter, kapanggih ayana kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna.

Panalungtikan ngeunaan kalimah geus sababaraha kali diayakeun. Panalungtikan saacanna nyaéta *Adegan Kalimah Salancar dina Carita Pantun Lutung Leutik Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA* ku Fanny Novianti

(2009), *Adegan Kalimah Basa Sunda dina Téks Iklan Layanan Masyarakat Karangan Siswa Kelas VII C SMP Mts Al Inayah Bandung Taun Ajaran 207/2018* ku Ayu Widiyani Sigid (2018), sarta *Kalimah Pananya dina Novél Kolébat Kuwung-Kuwungan Kinasih Katumbirian karangan Tatang Sumarsono (Tilikan Adehan, Ma'na, jeung Kontéks Pragmatis)* ku Diky Arliana (2013). Lian ti éta, panalungtikan ngeunaan kalimah salancar jembar ogé kungsi aya nu nalungtik. Panalungtikan anu patali jeung kalimah salancar jembar nyaéta *Kalimah Salancar Jembar dina Novél Laleur Bodas Karangan Samsu (Ulikan Struktur jeung Semantik)* ku Wanda Djulistiana Wiguna Mukti (2018).

Sasaruaan jeung panalungtikan saacaanna nyaéta sarua medar kalimah. Bedana jeung panalungtikan saacanna nyaéta dina objek panalungtikanna. Dina skripsi Sigid (2018) objek panalungtikanna nyaéta téks iklan layanan masyarakat karangan siswa kelas VII SMP sarta anu ditalungtikna nyaéta ngeunaan adehan kalimah basa Sunda. Sedengkeun dina skripsi Mukti (2018) anu ditalungtikna nyaéta sarua medar ngeunaan kalimah salancar jembar dina wangun karya sastra nu mangrupa novél. Ari objék dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah salancar jembar dina téks pangalaman pribadi karangan siswa kelas VII SMP.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan “*Kalimah Salancar Jembar dina Karangan Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Negeri 12 Bandung*” perlu dilaksanakeun. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kalimah sarta méré pedaran anu teleb ngeunaan kalimah, hususna ngeunaan kalimah salancar jembar dina karangan pangalaman pribadi siswa.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan diidentifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jentré.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Umumna anu disebut kalimah nyaéta wangunan-wangunan basa anu miboga ciri salasahijina mangrupa konstruksi gramatik, nyaéta wangunan basa anu ngandung harti atawa maksud (Sudaryat, 2013, kc. 183). Kalimah digunakeun pikeun ngebréhkeun gagasan, eusi pikiran, rasa, sarta pikeun ngajalin komunikasi

jeung masyarakat sejénna (Auliya & Hernawan, 2020). Dina unsur fungsional kalimah, salasahijina kudu aya kasaluyuan antar kalimah. Hartina, dina nataan kecap jeung kalimah nu digunakeun kudu aya patali kalimah nu hiji jeung nu lianna (Masitoh & Nurjanah, 2019, kc. 150). Ku kituna, kalimah kudu miboga harti atawa maksud anu tangtu sangkan bisa dipikaharti antar kalimahna.

Dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII diwangun ku pola, adegan, struktur, wanda, sarta harti kalimah anu beda-beda. Saperti aya kalimah “Abdi disurungkeun ka walungan ku babaturan”, “Terus abi téh tuang heula di imah.”, “Andra nangis uih wé ka bumi.”, jeung “Abi nyampeur ka si Rizal.”. Ditilik tina kalimah di luhur ogé, katingali kamampuh siswa dina nulis kalimah basa Sunda masih kurang, utamana dina nulis kalimah salancar jembar.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diidentifikasi ngeunaan kalimah salancar jembar nu ngawengku adegan sarta wanda kalimah salancar jembar dumasar kana harti nu disawang tina unsur fungsional katerangan. Tina pedaran di luhur, ngarojong panalungtik pikeun mikanyaho leuwih teleb ngeunaan tata kontruksi basa jeung harti kalimah nu ditalungtik ngaliwatan hasil karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung. Dina ieu panalungtikan kapaluruh adegan kalimah salancar jembar nu mangrupa pola-pola kalimah sarta wanda kalimah salancar jembar dumasar kana harti nu disawang tina unsur fungsional kateranganna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi masalah di luhur, aya sababaraha rumusan masalah dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Kalimah salancar jembar naon waé anu nyampak dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung?
- 2) Adegan kalimah salancar jembar naon waé anu nyampak dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung?
- 3) Wanda kalimah salancar jembar naon waé anu nyampak dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, anapon tujuan husus jeung tujuan umum éta saperti kieu.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum tina ieu panalungtikan nyaéta medar jeung maluruh kalimah salancar jembar dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan, miboga tujuan pikeun ngadéksripsikeun tilu hal ieu di handap.

- 1) Kalimah salancar jembar anu nyampak dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung.
- 2) Adegan kalimah salancar jembar anu nyampak dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung.
- 3) Wanda kalimah salancar jembar anu nyampak dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan diwincik jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis nu aya dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan élmu sintaksis hususna dina kalimah salancar jembar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Pikeun guru, bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina ngalarapkeun kalimah sarta kecap basa Sunda, boh wangun tinulis, boh wangun lisan.

- 2) Pikeun siswa, dipiharep bisa nambahan pangalaman dina nyieun karangan pangalaman pribadi sarta bisa merhatikeun kalimah sarta kecap dina ngagunakeun basa Sunda anu bener, boh dina wangun tinulis, boh dina wangun lisan.
- 3) Pikeun masarakat umum, hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun numuwuhkeun karep masarakat dina maké basa Sunda anu luyu jeung kaédah basa anu bener.

1.5 Raraga Tulisan

Gurat badag dina ieu skripsi kabagi jadi 5 bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Teori, eusina ngawengku ulikan teori, panalungtikan saméméhna sarta raraga mikir.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku data kalimah salancar jembar, analisis kalimah salancar jembar jeung déskripsi kalimah salancar jembar.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomendasi ngeunaan panalungtikan satuluyna.